# Авар мац1алъул къо т1обит1иялъул сцена.




Данде гьабуна :З.Муртазаалиевалъ (авар мац1алъул учитель)

**ГСОШ -2021**

**Ведущий1:**
-Ассаламу г1алайкум, хириял ц1алдохъаби,муг1алимзаби ва т1аде рач1арал гьалбал.Баркула нужеда «Рахьдал мац1алъул къо». Щибаб соналда,21 февралалда т1олабго халкъалъ к1одо гьабула гьаб байрам. Кьейги киназего чорхое сахлъи,талих1,рохел ва халатаб г1умру. Ц1уне хирияв ц1алдохъаби, нилъерго рахьдал мац1! Мац1 гьеч1они,гьеч1о миллат! Метер маг1арул мац1 хвезе батани,хваги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагьун.

**Ведущий 2:**

1999 –абилеб соналъул 17 ноябралда ЮНЕСКОялъул Генералияб конференциялъ х1укму гьабуна 2000 – абилеб соналдаса нахъе щибаб соналъ 21 – абилеб февралалъ Т1олгомиллатазул рахьдал мац1азул къо к1одо гьабизе. Гьелъул мурадги буго рахьдал мац1ал церет1езари ва гьел ц1уни.[1]

21 –абилеб февралалъ рахьдал мац1ал к1одо гьариялъул маг1наги ккола, жидерго мац1ги ц1унун, гьеб жидер пачалихъалъул мац1лъун рик1к1ине т1алаб гьабун, демонстрациялде рахъарал Бангладешалъул студентал ч1вараб къо. Гьеб пашманаб иш ккана 1952 – абилеб соналъул 21 – абилеб февралалъ.

Жакъа нилъер мажлисалда данделъун руго рахьдал мац1 хириял маг1арулал. Рахьдал мац1алда щивас кинbackслдаса байбихьун эбелалде, инсуде, вацал – яцазде, г1агараб Ват1аналде рокьи загьир гьабула. Гьеб х1асратаб рокьи ц1уни ккола рахьдал мац1ги, динги, г1адаталги к1одо гьари.

**Ведущий 1:**

Маг1арулазулги Дагъистаналъулги талих1 буго Расул Х1амзатов,Фазу Г1алиева,Инхоса Г1алих1ажияв,Ц1адаса Х1амзат,Муса Мух1амадов г1адал хъвадарухъаби,шаг1ирзаби дунялалда т1ад рахъин.Гьел ккола унго-унго маг1арул мац1ги,ц1арги,ц1ваги ц1унарал раг1ул устарзаби.

**Ведущий2:**

-Мац1 лъач1ого,гьабич1ого гьаб дунял.

Раг1и бук1инч1ебани дунял гьадинаб бук1инароан.

Мац1 лъач1ого,кеч1 гьаби, лъим лъач1ого,г1урулъе лъугьин буго.

Вед.1:Гьанже куч1дул рик1ине рахъине руго 5 классаллдаса байбихьун ц1алдохъаби

**Ведущий1:**

**Коч1олаб саламгун цере рахъунел руго 7,8 классалъул ц1алдохъаби.**

**Кеч1 "Асаламу г1алайкум»**

Асаламу г1алайкум,

Аваразул миллат-мац1,

Адаб кьоч1ое лъураб,

Ахир рокьуе гьеч1еб.

Асаламу г1алайкум,

Аваданаб авар халкъ;

Африкаялъул х1анч1аз

Август т1амулел т1охал.

Армяназул пашманлъи

Арарат мег1ер буго.

Аваразул пашманлъи-

Авар мац1 лъач1ел лъимал.

**Ведущий1:**

Раг1и кьола 8 кл.ц1алдохъабазе. (сценка «Фатимак1одол бах1арав»

**Ведущий2:**

Рахьдал мац1ал к1одо гьари буго инсанасул т1абиг1ияб рижин, гьесул жиндирго г1адатазде, диналде, маданияталде бугеб рокьи к1одо гьаби. Рахьдал мац1алда хъван буго щивав инсанасул Ват1аналъул тарихги. Гьес жиндирго пикрабиги, анищалги, рокьиги рек1елъ ц1унун рук1уна бищунго хириял дуг1аби г1адин. Гьел ц1унизе нилъее васигат гьабун бук1ана умумуз. Умумуз Ват1ан ц1унана гьел дуг1абазе г1оло. Нилъецаги ц1унила рахьдал мац1алда хъварал умумузул дуг1абиги, г1адаталги, маданиятги.

**«Ц1уне рахьдал мац1»**

Эбелаб рахьдал мац1 ц1унеян абун, Ах1и балеб буго дунялалдаго. Эбел йокьуларев чиго вугодай? Чундулги угьдула г1алхуда гьелъухъ!

Буго къот1и гьабун Юнескоялда

Къоло цоабилеб февралалъул къо

**Ведущий2:**

Расул Х1амзатовас дунялалдаго раг1изабуна Дагъистанги нилъер рахьдал мац1ги. Гьесул асарал руссинарун руго 30 бат1ияб мац1алде. Амма авар мац1алда г1адин, цогидал мац1азда гьезул берцинлъи борцине к1оларо.

# Викторина:

Тестал.
1 Р. Х1амзатовасул г1умрудул сонал.
а) 1892-1965с.
б) 1923-2003с.
в) 1918-1995с.
2 Жиделъ инсанасул квешал рахъал, г1умруялъул г1унгут1аби къват1ир ч1вазарун какулел художествияб асар кола…
а) элегия
б) басня
в) сатира
3 Жидеда жаниб шаг1ирасул рух1ияб дуниял, чорхол асар, рек1ел пикраби, хьулал, анищал рихьизарулел асарал ккола…
а) эпос
б) лирика
в) драма
4 Ц1адаса Х1амзатил т1оцебесеб басмаялда бахъараб т1ехь.
а) «Г1адатазул жул»
б) «Ват1аналъе г1оло!»
в)»Муг1рул т1огьал»
5 Расул Х1амзатовасул прозаялда хъвараб асар щиб кколеб?
а) «Дир Дагъистан»
б) «Маг1арулай»
в) «Россиялъул солдатал»
6 Авар мац1алда (маг1арул мац1алда)т1оцебе басня хъварав чи щив
а) Муса Мух1амадов.
б) Цадаса Х1амзат
в) Фазу Г1алиева.
7 Халкъиял к1алзул асарал рате.
а) «Хочбар»
б) «Ракь»
в) «Суффичи-хиянатчи»
8 –Валлагь инеев, эбел , дун ах1аралъув.
Х1инкъунилан ккела дун гьев ханасда.
(Кинаб асаралдаса росарал мухъал? )
а) «Р. Эльдарилав»
б) «Хочбар»
в)»Сайгидул Бат1алиде»
9 Ч1абаралда гиргидун, годек1ан ас бац1ц1уна. Кинаб асаралдаса босараб мухъ?
а) «Ракь»
б) «Исрапчи»
в) «Гьекъел мехтел»
10.Чан г1алимчиясул г1елмудал керен.
Дуда жаниб бачун, ракьде буссараб?
(коч1ол мухъал ц1алун лъуг1изаре)
11.Самовар гьалиладай.
Дов Хуршил Мух1амадил
(лъил раг1аби гьел колел?)
а) Инхоса Г1алих1ажиясул
б) Ругъжаса Эльдариласул
в) Г1анхил Маринил.

**Ведущий 1:**

Гьанже нилъеца т1обит1ила бицанк1абазул къец.

Г1ахьаллъи гьабе киналго ц1алдохъабаз




Ведущий2: Щивасул жиндирго мац1ги жиндирго ц1ваги буго.Дир мац1-гьеб маг1арул мац1 буго. Гьеб дие бокьула.Бокьула гьит1инаб халкъалъул г1агараб мац1.Г1адамазе жидерго мац1 хирияб бугин абулеб жо ккола эбел-инсуе лъималги лъималазе эбел-эменги хириял ругин абураб г1адаб жо.

Мац1 чияс т1абиг1ат ц1унулеб г1адин ,ц1унизе ккола.

**Лъаларо, Мух1амад,цогиязул иш,**

**Амма дица дирго рахъалъ абила**

**Метер маг1арул мац1 хвезе батани,**

**Хвайги дун жакъаго жаниб рак1 кьвагьун.**

Гьалдалъун нилъеца данделъи лъуг1изе тела. Баркала г1ахьаллъаралъухъ ва г1енеккаралъухъ.

«Маг1арулал» кеч1 ах1ила киналго г1ахьаллъараз цадахъ.

**ФатимакIодол бахIарав**

*ФатимакIодо жиндирго васасул яс кIибикIулей йикIана кечIги ахIулаго, кьижарилаго. Бигьа гьабун, нуцIаги къирун, жаниве вачIана МикагIил.*
**ФатимакIодо.**Гьа, щиб къвариг1ел бугеб МикагIил?
*Гьимулаго, цо жоялъ рахIат хвезабураб гIадин*
**МикагIил.** ФатимакIодо, цо дир дудехун гьари буго. Дида лъала духъан гьеб бажарулеблъи.
**ФатимакIодо.**Гьа, вилълъа, бицея, щиб бокьун бугебали?
*Щурун абула гIинде*
**ФатимакIодо.** Дун дуе ригьнакIойищ, къадийищ, прокурорищ? Мун гьекъонцин гурищ вугев? *(М ахI сунтIула).*
**МикагIил.** ФатимакIодо, нижее цо яс хъамизе кумек гьабиларищ?
*КIодоца гIодоб букIараб тIил хапан босана ва гьесде гьесардана*
**ФатимакIодо.** Дица гьабсагIат дурр бетIералъул ращот гьабила, хIарамазада, хIалихьат.Чияр яс йикъизе ккани, кин ракIалдегIаги кколеб гьединаб жо. Дидани ккун букIана мун сахав вас вугилан, мунилан абуни, хъачагъ вукIун вуго.
*Лъимер борчIана, гIодизе лъугьана. МикагIил живгоги хIинкъана. МикагIил гьардезе лъугьана.*
**МикагIил.** ФатимакIодо гIодое йиччай.. дуда мекъи бичIчIана. Дие гьеб гуро абизе бокьун букIараб. ГIенекке цо дихъ.
*(Киниги кIикIулаго)*
**ФатимакIодо.** Вай, мун гьагьинив лъеяв. Цин абула яс хъамизе къваригIун бугилан, цинги тIил бихьигун батIияб бакъан бачунеб буго гури.
**МикагIил.** КIодоэбел, дир вуго цо цIакъав гьудул Ильяс. Гьев живго вихьа-рагIизе берцинав жо вуго, эменги гьечIого, эбелалъ хьихьарав пулан вуго.
**ФатимакIодо.** Гьа, лъалин дида гьев, щвараб гьекъон, эбелалъул хинкIал кванан, кепалда вуго, къаси кIотун, къад кьижун.
**МикагIил.** КIодоэбел, гьев холев вуго Рукъигатихъ
**ФатимакIодо.** Бокьункун мокьролкарщ, хIалтIиги берцинай, гьайбатай, бищун лъикIай колхозалъул доярка Рукъигатида бер кIутIун асул.
**МикагIил.** КIодо, дуда лъалеб жо дагьаб буго, гьелъие гьевги гурищ рекIее гIун вугев?
**ФатимакIодо.** Карщица кIал бухIани холел гьал, рокьи-мокьи камун букIана нужее. Лъие къваригIарав гьекъолдухъан, кIухIал. Шишаги тун, хинкIал ралагьизе щай вахъунарев? Унха, ав Камалил Башир.
**МикагIил.** Ягъарин, гIенекке, дида кIолеб гьечIо гьудул нахъ чIвазе. РачIа цо жо ургъизе
*Гьес гIинде щурула.Гьай ургъана ва бетIер гьанкIана.*
**ФатимакIодо.** Вай, къасигIадаб бецIаб сордоги бихьичIо. Бадиб килищ тунканиги, чи вихьулеб хIалги гьечIо.
*Стол. Столалда нахъа кваналеб хъизан. БотIроде кIазги рехун, кIодо къватIие уна. Буртинаги тIаде рехун ехъерхъун уна.*
**МикагIил.** КиегIаги гьай ячине?
**Ильяс.** Нохъоде хъаме, нохъоде, лъарахъе, иццухъе, хехго, чи гьечIеб бакIалде.
**МикагIил.** Воре, цIодорго, йортизе гурин.
**Ильяс.** МикагIил, алъул иш-махIго гьечIогури. Щибдай алъие ккараб?

**МикагIил.** Гьа, ургъел гьабуге. Гьалъие расги лъугьунарин. АхIдезе нечон ятила, яги кьижун ккун ятила. РечIчIизабея фонарь.
*Берцинго гIодой лъола. Буртинаялъ яхчарай гьалда цеве накалдаги чIун.*
**Ильяс.**
Вай дир канлъи, дир дарман,
РекIел кIутIи дие мун,
Мун гьечIони, дун гьечIо,
ЯчIа, Бика, дие мун.
*КIодо яккун ячIуна буртинаги рехун.*
**ФатимакIодо.** Гьая, хъачагъ, дуе бокьухъин телин, яче гьале бахIарай, хIадур йигин, дир Лачен.
*Ильяс виххун ккола.*
**Ильяс.** Вай, мун кисан гьание ккарай? Хвана кина-щиябго. *(МикагIилида хурхуна)* Ле, ботIрокъ, дуца гьабураб щиб? Кире ралагьун рукIарал дур берал? Рахъунищ рукIарал?
- Вай, хвана хIалтIи! Дидаги лъаларо, гьай кин гьание ккараяли?БецIаб сордо букIана.
*Ильяс тIурун инехъин вукIуна, кIодоца галстукги ккун чIезавула.*
**ФатимакIодо.**ЧIая, дегIен, инаревха кивениги. Хъамунищ, ячине ккола. ЯчинчIони, ун сельсоветалдегун гIарза хъвала, росдадаги суризавила. Туснахъги буго духъ балагьун чIун.
*МикагIилицаги кIодоцаги цоцаде ишанал гьарула.*
ФатимакIодо. КIудияб гъаратI ккана, дун..дун..мекъи ккана.
**ФатимакIодо.** Агьа, дир бакIалда щий хъамизе ракIалда букIараб? Дуда чидар яс чидар гъотIода бижараб гIечиланищ ккараб? Яги гIодобе рехараб тIагIелиланищ ккараб? Дур яц хъамун арайани, дуе кин букIинаан, гьая, бицея цо!
*МикагIилица Ильяс цевегIан тункула.*
**МикагIил.** Дуца бальаргъана кинабго. Гьанже накалдаги чIун гьарде, гурони гьелъ нилъеда цIам хинабула.
*Накалдаги чIун гьардезе байбихьула*
**Ильяс.** ФатимакIода, талихI кьегийин, лъиданиги бицунге, суризавуге дун. Дица дуе къваригIанщинабги гьабила.
**ФатимакIодо.** Бицинароха, амма дуца дие бихьинчиясул рагIи кьезе ккола. Цо бугони, дуца гьекъолеб жо тела, кIиабизе бугони, эбелалъе кумек гьабун, хIалтIизе вахъина.
**Ильяс.** ФатимакIодо, гьале дица дуе рагIи кьолеб буго, дуца тIад лъураб борч дица бихьинчияс гIадин борхизе буго. Гьеб тIубачIони, дун бихьинчи гуро.
**ФатимакIодо.** ЛъикI буго Ильяс, гьале нугIлъиялъе МикагIилги вуго, дуца рагIи ккуни, дицаги дур рекIел мурад рагIалде бахъинабила. Аллагьас хъван батани, ниж дурги Рукъиятилги берталъ кватIичIого кьурдила.
*Зурма-къоло гьаракь, берталъ кьурдулел г1адамал.*


Малъе лъималазда гьезул рахьдал мацI,
Бице гьеб мацIалда гьезие маргьа
АхIе гьезий кучIдул, мугIрузул бицун
ГIагараб Дагъистан гьезий бокьизе.
Гьедин гьабичIони, гьечIо Дагъистан,
ГьечIо гьелъул къуват, гьелъул къиматлъи
Гьедин гурищ къоло щуябго соналъ
Щулаго цIунараб Шамилица гьеб.
Гьедин гурищ нилъер Расулица гьеб
ТIолго дунялалда рагIизабураб
ЦIуне Дагъистанин, бокьа гьебилан,
БацIцIадаб магIарул мацIалъ ахIараб.






**Дир рахьдал мац1.**

Рач1а, авар мац1алда
Ц1ализе лъазабизин,
Нилъерго миллаталъул
Тарихалде раккизин.
Цинги г1агараб мац1алъ
Цоцазда гаргадизин,
Х1алкъалъул къисматалъул
Къадруялда бицинин.
Эбелалъул мац1алда
Маг1наялда к1алъазин,
Г1акъилал кицабигин
Биценазул рехсезин.
Нилъерго мац1алъ г1адин,
Г1ищкъудул бицунадай,
Нилъецаг1ан х1асратго
Саринал ах1уладай.
Балъголъабазул гъамас
Рагьулеб к1ул ц1ехезин,
К1очараб, буц1ц1ун ч1араб
Ч1аголъизе гьабизин.
К1алъазе лъалеб мац1алъ
Гьоц1о т1олин раг1ич1ищ?
Гьуинаб рахьдал мац1алъ
Ц1алдезе гьира гьеч1ищ?

**Г1аишат Малачиева**




**Лъимазул церерахъин**




полезнознать
Т1олгодунялалъул
рахьдал


это полезнознать
Т1олгодунялалъул
рахьдал


Т1олгодунялалъул
рахьдал
21 февраль


это полезнознать
Т1олгодунялалъул
рахьдал
21 февраль




**Сценка «Фатимак1одол бах1арав»**




полезнознать
рахьдал



**Х1асилал гьари**

